

Send an email with the following subject line and body text to help inform New Yorkers about renewing their coverage.

Subject line: Prepare ou: yo pral fè gwo chanjman nan asirans sante a

Preview text: Asire ou adrès ou ajou yon fason pou ou ka resevwa lèt renouvèlman pa w la.

Email body text:

Aktyèlman, èske ou menm oswa yon manm fanmi ou gen yon asirans sante nan New York State Medicaid, Child Health Plus oswa nan Essential Plan? [Apati prentan 2023, New York State pral rekòmanse evalye kalifikasyon ak renouvèlman pou moun ki enskri nan pwogram sa yo.](#) Sa vle di ou ka bezwen fè demach pou ou renouvle asirans sante ou la oswa asirans manm fanmi ou an.

Lè moman an rive pou ou renouvle asirans sante ou an, ou pral resevwa yon lèt nan men NY State of Health oswa yon pakè renouvèlman si ou te enskri atravè Depatman Sèvis Sosyal Lokal konte ou la oswa Administrasyon Resouzimèn Vil New York la. Nan lèt oswa nan pakè sa a yo ap di ou kisa ou dwe fè pou renouvle asirans ou epi ki kantite tan ou genyen pou ou fè sa. Suiv enstriksyon yo san pèdi tan.

Asire ou adrès ak enfòmasyon pou kontakte ou yo ajou yon fason pou ou pa rate lèt enpòtan sa a. Pou mete adrès ak enfòmasyon pou kontakte ou yo ajou, rele NY State of Health nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220) oswa antre sou kont ou nan nystateofhealth.ny.gov. Si ou enskri nan Medicaid grasa [biwo Medicaid Konte ou an oswa pa mwayen Administrasyon Resous Imèn Vil Nouyòk la](#), kontakte biwo sa a pou mete adrès ak enfòmasyon pou kontakte ou yo ajou.

Jwenn plis enfòmasyon

- Si ou enskri nan Medicaid, Child Health Plus, oswa Essential Plan grasa NY State of Health, rele nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220) pou nenpòt kesyon ou genyen.
- Si ou enskri nan Medicaid grasa [biwo Medicaid Konte ou an oswa pa mwayen Administrasyon Resous Imèn Vil Nouyòk la](#), kontakte biwo sa a pou nenpòt kesyon ou genyen.
- Vizite <https://info.nystateofhealth.ny.gov/COVID-19-Changes> pou jwenn plis enfòmasyon. New York ap kontinye fè mizajou sou sit entènèt sa a tank ap gen plis enfòmasyon ki disponib.